

# Pou pran yon vaksen COVID-19 Pfizer

Etandone vaksen COVID-19 lan fenk parèt, ou kapab poze tèt ou kesyon a kisa pou atann ou, pandan, ak aprè ou fin pran vaksen an (piki). Itilize feyè sa a pou jwenn plis enfòmasyon epi pale ak yon doktè oswa yon enfimyè si ou gen plis kesyon.

## A kisa pou w atann ou:

### Avan ou pran vaksen an:

- Pale ak yon doktè oswa yon enfimyè pou w konnen si gen yon vaksen COVID-19 ki rekòmande pou ou nan moman sa a.
- Si ou gen kesyon sou vaksen an, tanpri poze nou yo!  
**Nou la pou ede ou.**



**Moun ki gen ant 12 ak 15 lane ka pran vaksen Pfizer a kounye a.** Si ou poko gen 18 lane, paran oswa responsab legal ou dwe ba ou konsantman pou w pran vaksen an.

### Kilè w ap ka pran vaksen an:


- Yo pral ba w piki a nan zepòl ou.

### Aprè ou fin pran vaksen an:

- W ap gen bezwen retounen nan **21** jou ankò pou w ka pran dezyèm piki ou an nan sant lan. Ou pral gen bezwen pran toude piki yo pou ou ka pwoteje konplètman.
- Ofiramezi n ap resevwa plis enfòmasyon sou kijan vaksen an ap aji sou moun yo, li enpòtan pou ou kontinye pwoteje tèt ou ansanm ak lòt moun pou nou pa pran COVID-19 lè n ap:
  - Mete yon mas ki kouvri nen ak bouch lè ou nan piblik.
  - Kenbe yon distans sosyal omwen 6 pye ak lòt moun yo.
  - Lave men ou yo souvan.
  - Pa ale kote ki gen foul moun.

**Dat randevou pou vin pran premye piki a:** \_\_\_\_\_

**Dat randevou pou vin pran dezyèm piki a:** \_\_\_\_\_



# Èske vaksen an gen efè segondè?

- **Ou kapab gen kèk efè segondè aprè w fin pran vaksen an.** Efè segondè sa yo se siy ki montre kò w ap pwoteje li kont COVID-19. Ou ka santi w gripe, men efè segondè yo ta dwe disparèt nan kèk jou sèlman.
- Selon sa nou konnen jiskaprezan, kèk moun deklare yo gen plis efè segondè aprè yo fin pran dezyèm vaksen COVID-19 lan.

Efè segondè moun gen souvan yo:	Lè pou rele yon doktè:
<ul style="list-style-type: none"><li>• Doulè oswa anflamasyon kote w te pran piki a</li><li>• Lafyè ak frison</li><li>• Fatig</li><li>• Tèt fè mal</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>• Si aprè 24 èdtan kote w te pran piki a wouj epi doulè a anpire.</li><li>• Si efè segondè yo anpire oswa pa disparèt aprè kèk jou</li><li>• <b>Rele 911 si w gen yon ijans.</b></li></ul>

## Ki moun mwen dwe kontakte si mwen gen efè segondè?

- Kontakte doktè prensipal ou sou nenpòt efè segondè ou genyen. Si ou pa gen yon doktè swen prensipal, kontakte CHN nan 866-246-8259
- Sant Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) mete kèk zouti sou pye pou deklare efè segondè ou genyen nan V-Safe.

**V-safe se yon zouti ou kapab itilize sou telefòn entèlijan ou an pou deklare tout efè segondè yo.** Nan V-safe, ou kapab resevwa rapèl yo tou konsènan kilè w ap gen bezwen vini pou w pran dezyèm piki ou an.

- Lè w ap enskri nan V-safe, li pral mande pou rantrè nimewo telefòn ou. Konsa ou kapab resevwa mesaj tèks (SMS) ak bilan sante pou konnen kijan w ye aprè w fin pran vaksen an. Yo pral pwoteje tout enfòmasyon pèsonèl ou rantrè nan V-safe.
- **Li pa obligatwa pou gen V-safe. Se ou menm ki konnen si w vle enskri.** Si w deside pa itilize V-safe, di yon doktè oswa yon enfimyè imedyatman si w gen efè segondè ki grav aprè w fin pran vaksen an.
- Pasyan ak pwofesyonèl swen sante yo kapab itilize **Sistèm Swivi Efè Negatif Vaksen (Vaccine Adverse Event Reporting System, VAERS)** pou deklare efè segondè yo. W ap jwenn plis enfòmasyon sou [vaers.hhs.gov/reportevent.html](https://vaers.hhs.gov/reportevent.html)



Ale sou [www.cdc.gov/vsafe](https://www.cdc.gov/vsafe) oswa itilize **kòd QR** lan sou telefòn entelijan ou an pou jwenn plis enfòmasyon